

# AVÈTISMAN POU KLIYAN YO: SANT POU FANM KI ANSENT KI AN DIFIKILTE

*Si w ansent epi w ap chèche konprann opsyon avòtman ou genyen yo, ou ta dwe wè yon pwofesyonèl swen sante repwodiktif ki gen lisans.*

**ATANSYON:** Sant pou Fanm Ansent ki an Difilikte (CPC ann Anglè) **PA** bay swen sante repwodiktif konplè. CPC yo se òganizasyon k ap chèche anpeche moun jwenn aksè nan swen pou avòtman.

- CPC yo ka parèt tankou klinik swen sante repwodiktif, men yo **PA** bay swen pou avòtman ni referans pou avòtman, prevansyon kont gwo sès oswa lòt swen sante repwodiktif, malgre sa yo ka anonse.
- Pifò CPC yo **PA** etablisman medikal ki gen lisans.
  - An jeneral, doktè oswa enfimyè ki anrejistre yo **PA** travay nan CPC yo, byenke kèk anplwaye nan CPC yo ka eseye parèt pwofesyonèl, pa egzanp, lè yo mete yon wòb blan.
  - Gen kèk CPC ki ofri sèvis iltrason ki fèt pa yon pèsonèl ki pa gen lisans epi ki pa kalifye pou bay sèvis sa a, sa ki ka lakòz pafwa yon rezulta gwo sès ki manke presizyon oswa ki fo.
  - CPC ki gen pèsonèl ki pa gen lisans yo **PA** oblige kenbe dosye medikal ou yo konfidansyèl.
  - CPC ki pa gen lisans yo **PA** oblige swiv kòd etik oswa estanda swen ki jere pwofesyon sante a, paske yo pa founisè swen sante.
  - CPC yo souvan bay enfòmasyon ki pa kòrèk epi ki fo sou avòtman ak efè medikal ak mantal yon avòtman.
  - CPC yo konn twonpe moun sou evolisyon gwo sès yo.
  - CPC yo souvan eseye retade dat randevou yo pou pouse moun depase dat limit kote yo ka fè yon avòtman.

**Fè rechèch ou epi poze kesyon lè w ap pran yon randevou pou w aprann plis sou opsyon avòtman w yo. Fè atansyon ak siyal avètisman yo.**

- Tcheke sit entènèt la ak konsèy sou entènèt anvan w pran yon randevou.
- Mande si sant lan gen lisans e si l ap ba w yon avòtman oswa yon referans pou yon avòtman anvan ou ale pou yon randevou.
- Siveye siy avètisman sa yo, ki gen ladan yo si sant lan:
  - Sou lis kòm yon Sant Resous Gwo sès, Sant Èd pou Gwo sès, Sant Swen pou Fanm Ansent ki an Difilikte oswa Sant Sipò pou Fanm yo sou sit entènèt Sant pou Fanm Ansent ki an Difilikteyo tankou: [helpinyourarea.com/massachusetts](http://helpinyourarea.com/massachusetts).
  - Fè publisite pou tès gwo sès gratis, konsèy pou avòtman, tès depistaj anvan avòtman, edikasyon sou avòtman, men li pa ofri avòtman oswa ede w jwenn swen pou avòtman yon lòt kote.
  - Eseye ranvwaye randevou ou pou yon lòt dat.
  - Sèvi ak taktik pou eseye fòse w kontinye ak yon gwo sès, pa egzanp, ba w yon ti fetis plastik oswa rad pou ti bebe.
- Si w bezwen èd pou w jwenn yon founisè swen sante repwodiktif ki gen lisans, pale ak doktè w oswa tcheke lis sa a: [abortioncarenewengland.org/providers](http://abortioncarenewengland.org/providers).
- Lè w parèt pou randevou w la, asire w ou nan bon kote a. Anpil Sant pou Fanm Ansent ki an Difilikte (CPC) chita toupre klinik ki ofri avòtman epi ki itilize non ki sanble.

Biwo Pwokirè Jeneral la angaje l pou l asire dwa sivik tout moun nan Massachusetts oswa k ap vwayaje nan Massachusetts pou jwenn swen sante. **Si w gen enkyetid konsènan eksperyans ou ak yon Sant pou Fanm Ansent ki an Difilikte, depoze yon plent nan Divizyon Dwa Sivik nou an sou entènèt nan mass.gov/ago/civilrightscomplaint oswa nan 617-963-2917.**

